

Kwè nan Bondye, epi ale epi aji

Pa Prezidan Henry B. Eyring

Premye Konseye nan Premye Prezidans lan

Nou montre konfyans nou nan li lè nou koute avèk entansyon pou nou aprann ak repanti epi apres a nou ale epi nou fè kèlkeswa sa li mande.

Frè ak sè byeneme m yo, se yon onè pou m adrese nou nan jou Saba sa a. Mwen santi m enb pou tach mwen genyen pou pale avèk dè milyon Sen Dènnye Jou ak zanmi nou toupatou nan mond lan. Lè m t ap prepare pou opòtinite sakre sa a. Mwen te priye e m te medite pou m te ka konnen bezwen pèsònèl nou ak ki mesaj Senyè a te vle m bay.

Bezwen nou anpil epi varye. Nou chak se yon pitit espesyal Bondye. Bondye konnen nou endividyèlman. Li voye mesaj ankourajman, koreksyon, ak direksyon ki byen tonbe avèk nou menm ak bezwen nou.

Pou m te dekouvri kisa Bondye te vle m pale pandan konferans sa a, mwen te li mesaj sèvitè l yo nan ekriti yo ak nan konferans pase yo. Mwen te resevwa yon repons pou priyè m nan pandan m t ap li pawòl Alma, yon gran sèvitè Senyè a nan Liv Mòmmon an:

“O, si m te yon zanj, m ta kapab fè sa ki nan kè m, m ta vle ale pou m pale avèk twonpèt Bondye a, avèk yon vwa pou souke tè a, m ta rele repantans nan zòrèy tout pèp!

“Wi, mwen ta deklare chak nanm, tankou vwa yon loraj, repantans ak plan redanmsyon an, pou yo kapab repanti, vin jwenn Bondye nou an, pou kapab pa gen plis lapenn sou tout sifas tè a.

“Men, gade, m se yon nonm, e m fè peche poutèt anbisyon m, paske m dwe kontante m avèk bagay Senyè a banmwen.”¹

Epi apres a, nan refleksyon Alma a m te jwenn direksyon pou sa m t ap priye pou li a:

“Paske gade, Senyè a bay tout nasyon, pou tèt pa yo, avèk lang pa yo, pou yo preche pawòl li a; wi, avèk lasajès, tout sa li wè ki nesèsè pou yo ta genyen; se poutèt sa, nou wè, Senyè a bay konsèy avèk lasajès, dapre lajistis ak verite a.”²

Pandan m t ap li mesaj sa a pa yon sèvitè Bondye, devwa mwen pou jodia te vin klè. Bondye voye mesaj ak mesaje otorize bay pitit li yo. M dwe bati konfyans nan Bondye ak sèvitè l yo ase pou nou ale epi obeyi konsèy li. Li vle sa paske li renmen nou e li vle bonè nou. Epi li konnen kijan manke konfyans nan li pote tristès.

Mank konfyans sa a te pote chagren bay pitit Papa nou ki nan Syèl la depi anvan mond lan te

kreye. Nou konnen pa mwayen revelasyon Bondye te bay Pwofèt Joseph Smith ke anpil nan frè nou ak sè nou yo nan mond premòtèl la te rejte plan pou lavi mòtèl la ki te prezante pa Papa nou ki nan Syèl la ak pi gran Pitit Gason l lan, Jewova.³

Nou pa konn tout rezon k fè Lisifè te si teribman reyisi nan souve rebelyon sa a. Men, gen yon rezon ki klè. Moun ki pèdi benediksyon pou vini nan mòtalite yo pa t gen ase konfyans nan Bondye pou yo te evite mizè etènèl.

Chema tris mank konfyans nan Bondye a pèsiste depi lè Kreyasyon an. M apral pran prekasyon nan bay egzant nan lavi pitit Bondye yo paske m pa konn tout rezon ki fè yo manke ase lafwa pou fè l konfyans. Anpil nan nou konn etidye moman kriz yo nan lavi yo

Jonas, pa egzant, te non sèlman rejte mesaj Senyè a pou ale Niniv la men tou li te ale nan lòt direksyon an. Naaman pa t ka kwè nan direksyon pwofèt Senyè a pou l te benyen nan yon rivyè pou pèmèt Senyè a geri maladi lalèp li a, paske l te santi bagay senp sa a te twò ba pou li.

Sovè a te envite Pyè pou kite sekirite yon bato pou mache avèk li sou dlo a. Nou tris pou li epi nou wè pwòp bezwen pa nou pou gen pi gwo konfyans nan Bondye lè n ap tandè resi a:

“Douvan jou, Jezi pran mache sou dlo a pou l al jwenn yo.

“Lè disip yo wè l ap mache sou dlo a, yo te pè anpil, yo t ap di: Se yon revenant. Yo pran rele tèlman yo te pè.

“Menm lè a, Jezi di yo: Pran tèt nou. Se mwen menm. Nou pa bezwen pè.

“Lè sa a, Pyè di li: Mèt, si se ou menm vre, di m vin jwenn ou sou dlo a

“Jezi di li: Vini non. Pyè soti nan kannòt la, li kòmanse mache sou dlo a pou l al jwenn Jezi.

“Men lè Pyè wè jan van an te fò, li te pè. Lè sa a, li kòmanse koule. Li pran rele: Mèt, sove m non!

“Menm lè a, Jezi lonje men l, li pran Pyè, li di li: Gade jan ou manke konfyans. Poukisa out e doute?”⁴

Nou kapab pran kouraj nan lefèt ke Pyè te vin sitelman gen konfyans nan Senyè a ke l te rete fidèl nan sèvis li san sispann jiskaske l te mouri mati.

Jèn Nefi nan Liv Mòmmon an enspire nan nou menm yon dezi pou devlope konfyans nan Senyè a pou obeyi kòmandman l yo, kèlkeswa jan yo ta parèt difisil pou nou. Nefi te konfwonte danje ak posibman lanmò lè l te di pawòl konfyans sa yo ke nou kapab epi nou dwe santi regilyèman nan kè

nou yo: “M prale e m ap fè bagay Senyè a te kòmande yo, paske m konnen Senyè a pa bay pitit lèzòm okenn kòmandman sa li pa prepare yon mwayen pou yo kapab akonpli bagay li kòmande yo.”⁵

Konfyans sa a soti nan konnen Bondye. Plis pase tout moun sou tè a, atravè evenman gloriye Retablisman levanjil la, nou santi lapè Senyè a ofri pèp li a avèk pawòl sa yo: “Rete la!, Konnen se mwen menm ki Bondye.”⁶ Kè m ranpli ak rekonesans pou sa Bondye revele nou sou li menm pou nou kapab gen konfyans nan li.

Pou mwen menm, sa te kòmanse an 1820 avèk yon jèn tigason nan yon forè sou yon fèm nan eta Nouyòk. Tigason an, Joseph Smith, Jr, te mache nan mitan pyebwa yo pou ale nan yon kote aleka. Li te mete ajenou pou priye avèk konfyans total ke Bondye t ap reponn priyè li pou konnen sa l dwe fè pou l pwòpte ak sove atravè Ekspyasyon Jezikri a.⁷

Chak fwa m li resi sa a, konfyans mwen nan Bondye ak nan sèvitè l yo vin pi gran:

“M te wè yon kolòn limyè ki te egzakteman anlè tèt mwen, ki te pi klere pase solèy la, epi ki te desann tikras pa tikras jistan l te tonbe sou mwen.

“Sa pa t pran anpil tan pou m te wè m delivre anba lenmi ki te mare m nan. Lè limyè a repoze sou mwen, m te wè de pèsonaj, ekla yo ak laglwa yo depase tout deskripsyon, ki te kanpe sispandi anlè devan mwen. Youn ladan yo te pale avèk mwen, li te site non mwen, epi l te di, pandan l te lonje dwèt sou lòt la---*Se Pitit Gason Byeneme m nan, Koute l*”⁸

Papa a te revele nou ke li vivan, ke Jezikri se Pitit Gason Byeneme li, epi li renmen nou ase pou voye Pitit Gason sa a pou sove nou, nou menm ki se pitit li yo. Epi paske mwen gen yon temwayaj ke li te aple tigason iletre sa a antanke yon apot ak pwofèt, mwen gen konfyans nan apot ak pwofèt li yo jodi a ak moun yo aple pou sèvi Bondye yo.

Konfyans sa a te beni lavi m ak lavi fanmi mwen. Sa gen kèk ane m te tande Prezidan Ezra Taft Benson pale nan yon konferans tankou sa a. Li te konseye nou pou n fè tout sa nou te kapab pou nou sòti nan dèt epi rete san dèt. Li te mansyone prete kòb (mortgage) pou achte kay. Li te di ke sa te gen dwa pa posib men li t ap pi bon si nou te ka peye tout dèt sou kay la yon sèl kou.⁹

M te vire gade madanm mwen epi m te mande l: “Èske ou panse gen yon mwayen nou ta kapab fè sa?” Odepa nou pa t kapab. Epi letan pou aswè rive m te panse ak yon propriyete nou te achte nan yon lòt eta. Pandan dèzane nou te eseye vann ni men nou pa t kapab.

Men paske nou te gen konfyans nan Bondye ak nan pawòl ki te soti nan mitan mesaj sèvitè l la, nou te fè yon apèl telefòn nan Lendi maten pou n te rele mesye nan San Francisco a ki te responsab pou vann ropriyete nou an. M te rele li kèk semèn anvan sa epi li te di lè sa a: “Nou pa jwenn okenn moun ki enterese nan propriyete w la depi dèzane.”

Men nan Lendi apre konferans lan, m te tande yon repons ki jis jodia fòtifye konfyans mwen nan Bondye ak nan sèvitè l yo.

Mesye a te di nan telefòn nan: “Mwen etone pou apèl ou a. Yon mesye te vini jodi a pou mande si l te ka achte propriyete w la.” Avèk etonman m te mande: “Konbyen li ofri pou l peye?” Sete yon montan yon tijan pi plis pase montan lajan pou peye kay nou an.

Yon moun gen dwa di ke sete yon koyensidans. Men nou te peye lajan kay nou an nèt. E fanmi nou toujou koute tout pawòl nan mesaj yon pwofèt ki kapab vini pou di nou kisa nou dwe fè pou n jwenn sekirite ak lapè Bondye vle pou nou an.

Kalite konfyans nan Bondye sa a kapab beni kominote osibyen ke fanmi yo. M te grandi nan yon ti vil nan New Jersey. Branch nou an nan Legliz la pa gen plis pas 20 manm ki te konn vini regilyèman.

Pami yo te gen yon fi--yon ansyen konvèti nan legliz la ki te trè enb. Li sete yon imigran ki te pale avèk yon gwo aksan Nòvejyen. Li sete sèl manm Legliz la nan fanmi li ak sèl manm Legliz la nan vil kote l t ap viv la.

Atravè papa m, ki sete prezidan branch lan, Senyè a te aple li kòm prezidant Sosyete Sekou branch lan. Li pa t gen manyèl pou te di l kisa pou l fè. Ni lòt manm Legliz la ki te vin tou pre li. Li te sèlman konnen ke Senyè a sousye pou moun ki nan bezwen ak mo yo ki nan deviz Sosyete Sekou a: “Charite pa janm peri.”

Sete pandan epòk sa kounyeya nou rele Gwo Depresyon an. Dè milye moun te san travay ak san kay. Konsa, paske li te santi ke l te jwenn pèmisyon nan men Senyè a, li te mande vwazen l yo pou ba li vye rad. Li te lave rad yo, li te pase yo, epi l te mete yo nan bwat katon sou galri dèyè lakay li a. Lè mesye yo ki pa t gen lajan te bezwen rad epi yo te mande vwazen l yo èd, yo te konn di yo “al nan kay anba lari a. Gen yon fi Mòmmon k ap viv ladan ki ap ba ou sa w bezwen an.”

Senyè a pa t gouvène vil la, men li te chanje yon pati ladan pou vin pi bon. Li te aple yon ti madanm tou piti---poukont li--- ki te gen ase konfyans nan li pou l te wè kisa li te vle l fè epi apres a l te fè li. Gras avèk konfyans li nan Senyè a, li te kapab ede dè santèn pitit Papa nou ki nan Syèl la ki te nan bezwen nan vil sa a.

Menm konfyans nan Bondye sa a kapab beni nasyon. M vin aprann ke nou kapab fè Bondye konfyans pou ranpli pwomès Alma a ki di: “paske gade, Senyè a bay tout nasyon, pou tèt pa yo, pou yo preche pawòl li a, wi, avèk lasajès, tout sa li wè ki nesèsè po yo ta genyen.”¹⁰

Bondye pa gouvène nasyon yo men li panse avèk yo. Li kapab e li mete moun nan pozisyon denfliyans ki vle sa ki pi bon pou pèp la epi ki gen konfyans nan Senyè a.¹¹

Mwen konn wè sa nan vwayaj mwen toupatou nan mond lan. Nan yon vil plis pase 10 milyon moun, m te pale avèk Sen Dènye Jou ki te rasanble pa milye nan yon konferans. Li te fèt nan yon gwo teren foutbòl.

Anvan reyinyon an te kòmanse, m te remake yon bèl jènjan ki te chita nan ranje devan an. Li te antoure pa lòt, ki menmjan avèk li, te pi byen abiye pase moun ki te bò kote yo. M te mande Otorite Jeneral Legliz la ki te tou pre m nan kiyès mesye yo te ye. Li te chichote ke sete majistra vil la ak anlwaye l yo.

Pandan m t ap mache al nan machin mwen apre reyinyon an, m te etone wè majistra a t ap tann pou salye mwen, ansanm avèk anlwaye l yo. Li te avanse, li te lonje lamèn ban mwen epi l te di: “Mwen remèsye w dèske w vini nan vil nou ak ak nan peyi nou an. Nou rekonesan pou sa w fè pou fòtifye pèp ou a. Avèk kalite moun konsa ak kalite fanmi konsa, nou te kapab kreye amoni ak pwosperite nou vle pou pèp nou an.”

Nan moman sa a, m te wè ke li sete yon moun ki onèt nan kè l ki te plase pa Bondye sou pouvwa a nan mitan pitit li yo. Nou se yon ti minorite nan mitan sitwayen nan gwo vil sa a ak peyi sa a. Majistra a pa t konn anpil sou doktrin nou an ak sou pèp nou an. Men Bondye te voye mesaj ba li ke Sen Dènnye Jou yo, anba alyans pou yo gen konfyans nan Bondye ak sèvitè otorize l yo, t ap vin yon limyè pou pèp li a.

Mwen konn sèvitè Bondye ki pral pale avèk nou pandan konferans sa a. Yo aple pa Bondye pou bay pitit li yo mesaj li. Senyè a di konsènan yo: “Sa mwen menm Senyè a m te di a, m te di l, m pa mande eskiz; epi menm si syèl yo ak tè a pase, pawòl mwen yo pap pase, men yo tout pral akonpli kit se avèk pwòp vwa pa m oubyen avèk vwa sèvitè m yo, se menm bagay la.”¹²

Nou montre konfyans nou nan li lè nou koute avèk entansyon pou n aprann ak repanti, epi apresya nou ale epi nou fè kèlkeswa sa li mande. Si nou gen konfyans nan Bondye ase pou koute mesaj li nan chak diskou, chan, ak priyè nan konferans sa a, n ap jwenn ni. Epi si nou ale apresya epi nou fè sa li ta renmen nou fè yo, pouvwa nou pou kwè nan li ap grandi epi lè moman an rive nou pral anvayi ak rekonesans pou n wè ke li vin fè nou konfyans.

Mwen temwaye ke Bondye pale jodi a atravè sèvitè chwazi l yo nan Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo. Thomas S. Monson se pwofèt Bondye. Papa nou ki nan Syèl la ak Pitit Gason l lan vivan e yo renmen nou. Konsènan sa mwen temwaye nan non Jezikri, amèn.

Nòt

1. Alma 29:1–3.
2. Alma 29:8.
3. Gade Doktrin ak Alyans 29:36–37; Abraram 3:27–28.
4. Matye 14:25–31.
5. 1 Nefi 3:7.
6. Som 46:10.
7. Gade *Teachings of Presidents of the Church: Joseph Smith* (2007), 28.
8. Joseph Smith—Istwa 1:16–17.
9. Pa egzanp, gade, Ezra Taft Benson, “Prepare for the Days of Tribulation,” *Ensign*, Nov. 1980, 33.
10. Alma 29:8.

11. Gade 2 Kwonik 36:22–23; Ezra 1:1–3; Ezayi 45:1, 13.
12. Doktrin ak Alyans 1:38.